



Pou Piblikasyon Imedya: 26/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO PREPARE YO POU
INONDASYON SIBIT POTANSYÈL KI KA GEN NAN ZÒN SID ETA A PANDAN
SISTÈM TANPÈT KOTYE A AP PWOCHÈ**

***Anpil Lapli ak Nèj Fò pral Kreye Kondisyon ki Difisil pou Moun Kondwi Pandan
Trajè Lendi Swa ak Madi Maten yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran prekosyon pandan y ap vwayaje paske yo prevwa yon sistèm tanpèt kotye ki pral pote lapli ak nèj atravè majorite eta a. Yo prevwa lapli ap tonbe nan majorite eta a, alòske rejyon ki nan altitud ki pi elve yo nan North Country a gendwa wè avès nèj ant modere ak fò k ap tonbe. Nan rejyon Mid-Hudson Valley, Vil New York ak Long Island yo, Nouyòkè yo ka atann anpil lapli fò pandan tout jounen an, espesyalman pandan trajè nan lasware yo. Alèt pou inondasyon sibit yo pral an vigè soti 12 p.m. lendi rive aswè a pou rejyon sid eta a akoz anpil lapli fò k ap tonbe. Avètisman pou inondasyon kotyè yo pral an vigè soti 12 p.m. rive 3 p. m. jodi a epi soti minwi aswè a rive madi a 4 a. m. pou lokalite kotyè vilnerab yo ki sou zòn bradmè Long Island Sound lan. Avi sou inondasyon kotyè pandan mare wo yo pral an vigè tou jodi a ak aswè a pou litoral Konte Suffolk yo, Staten Island ak Manhattan. Avèk potansyèl pou gen inondasyon nan rejyon sid eta a epi pou gen akimilasyon nèj nan rejyon nò eta a, yo ap ankouraje chofè yo pou yo pran anpil prekosyon epi pou yo prepare yo pou posibilite pou kondisyon wout yo difisil pou yo kondwi.

“Yon lòt fwa ankò Manman Lanati te pote yon gwo sistèm tanpèt nan New York, avèk posibilite pou avès nèj fò nan rejyon nò a ak inondasyon sibit nan rejyon sid la ki ka kreye kondisyon danjre pou moun kondwi”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ajans eta ak jesyonè ijans nou yo prepare pou yo deplwaye resous voye nan kominote yo jan sa nesesè, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo planifye alavans epi rete enfòme pandan tanpèt la ap pwogrese.”

Anplis de anpil lapli fò yo prevwa pou rejyon sid eta a, yo prevwa nèj nan rejyon nò a akoz de efè lak yo. Li posib pou gen avès nèj fò pafwa ak akimilasyon ant de a senk pous pou pifò zòn nan rejyon nò a yo epi ant sis ak 18 pous nan zòn rejyon kote efè lak yo tipikman pwodwi yo nan Chautauqua Ridge ak Tug Hill Plateau. Nèj pral tonbe pandan yon peryòd 48 è.

Yon avètisman pou tanpèt nèj ap an vigè soti 7 p.m. aswè a rive madi 7 p.m. pou Konte Essex, Clinton, Hamilton, Herkimer ak Warren. Yo prevwa avès nèj fò k ap gen

akimilasyon ant kat a uit pous ototal prensipalman nan zòn ki nan altitud ki pi elve yo. Alèt pou tanpèt nèj yo ap an vigè soti 7 p.m. aswè a rive madi 7 p.m. pou Konte St. Lawrence, Franklin ak Essex nan rejyon North Country a, epi yo prevwa akimilasyon nèj yo ap ant twa a sis pous.

Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service).

Vwayaje ansekirite

Si ou ap vwayaje pandan gwo lapli, tanpri fè atansyon pandan w ap kondwi epi sonje konsèy sekirite sa yo:

- PA eseye kondui nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- PA souzestime pwisans destriktè dlo k ap kouri vit. Dlo inondasyon ki mezire de pye e ki ap kouri vit yo ap leve machin ou an. Dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou pon.
- Kite bonè pou pa bloke sou wout inonde.
- Swiv wout yo rekòmande yo. PA inyore detou ijans yo pou ou ka al wè zòn ki inonde yo.
- Pandan w ap vwayaje a, swiv emisyon Radyo Meteyo NOAA ak radyo lokal pou dènye enfòmasyon yo.
- Siveye wout ki inonde yo, glisman teren, dlo ki pete oswa tiyo prensipal ki pete, fil elektrik ki ap pandye oswa ki tonbe nan dlo yo, oubyen pyebwa k'ap tonbe oswa ki te tonbe yo.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou epi kreye inondasyon, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- Si ou nan yon machin epi dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa woule si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo poutèt glas kapab fòme la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye yo sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè w ap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire w ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Pa eseye kondi sou wout ki inonde – vire tounen epi ale nan yon lòt direksyon. Dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou pon.

Anplis de sa, prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak lanèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye pou w kanpe epi kite plis distans ant machin yo, rete plis an eta dalèt epi sonje konjè yo ka rann li difisil pou wè timoun piti yo. Anplis, toujou akòde vitès ou ak kondisyon wout la epi tan.

Li enpòtan pou chofè machin yo sou tout wout konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Preparasyon Ajans

Depatman Transpò Eta a (State Department of Transportation) te reponn a tanpèt yo ak prèske 1,600 gwo kamyon baskil, plis pase 175 chasnèj mwayèn, 14 kamyon aspiratè ki gen jè egou ak plizyè santèn lòt pyès ekipman, ki gen pami yo aparèy pou soufle nèj, ti kamyon chasnèj, chajè ak nivelez yo. Ekipman sa a, ansanm avèk plis pase 3,500 operatè ak sipèvizè, deplwaye toupatou nan eta a lè sa nesèsè anvan tanpèt ivè pou ede kenbe wout yo san danje.

N ap raple otomobilis yo pou yo gade 511NY anvan yo deplase nan www.511NY.org oswa pou yo telechaje aplikasyon mobil la. Sèvis gratis la pèmèt itilizatè yo verifye kondisyon wout yo epi li gen yon sistèm alèt pou deplasman pandan ivè a ki gen rapò an tan reyèl pou vwayajè ak yon kat avèk kòd koulè ki endike ki wout nan eta a ki lib, mouye oswa kouvri avèk lanèj. Sistèm nan ofri otomobilis yo yon resous itil pou detèmine si se yon bon lide pou deplase.

Thruway Authority a gen plis pase 632 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 240 gwo chas nèj, 123 chas nèj mwayen ak 10 charyo remòkè ak 53 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 115,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo. Thruway Authority la ap ankouraje otomobilis tou pou yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)